



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 28 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINANSMAN POU EDE GOUVÈNMAN LOKAL YO RASYONALIZE SÈVIS YO

Plis pase \$200,000 dola te atribye a Senk minisipalite; Opòtinite finansman adisyonèl nan tout eta disponib nan mwa kap vini yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$204,950 nan Sibvansyon Otonomizasyon Re-òganizasyon Sitwayen [Citizen Re-Organization Empowerment Grant (CREG)] te atribye a senk minisipalite nan Eta pou etidye ak pou mete an aplikasyon disolisyon vilaj la. Prim CREG se yon pati nan Pwogram Efikasite Gouvènman lokal, ki jere pa Divizyon Eta New York sèvis gouvènman lokal, e li deziyen pou bay asistans finansman a gouvènman lokal yo pou planifye ak mete an aplikasyon re-òganizasyon minisipal yo.

“Nan konsolide ak jere sèvis, gouvènman lokal yo ka ede takle youn nan pi gwo chaj finansye sou fanmi ak biznis New York yo— taks sou pwopriyete ki elve,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou te fè gwo pwogrè nan mete yon barèm ak koupe taks sou pwopriyete pandan dènye ane ki sot pase yo, e sibvansyon sa yo pral mennen travay sa nan pwochen nivo a nan ede gouvènman lokal yo mete ansanm pou redwi depans yo. Mwen fyè ke Eta ap fè patenarya avèk vilaj ak bouk sa yo, e mwen ankouraje lòt gouvènman lokal yo nan Eta pou travay an koperasyon nan fason pou redwi chak taks sou pwopriyete.”

Pwogram CREG bay asistans finansman pou gouvènman lokal yo planifye ak enplemante restriktirasyon minisipal. Pwogram sa a se yon pati nan efò kontinyèl Gouvènè Cuomo pou rezoud motè prensipal taks sou pwopriyete— gwo kantite gouvènman lokal – ak pou bay kontribyab yo soulajman atravè analiz inovatif fonksyon ak sèvis gouvènmantal. Pwogram CREG aksepe aplikasyon ki soti nan minisipalite yo pandan tout ane a nan www.grantsgateway.ny.gov.

Men kijan yo te bay sibvansyon yo:

- \$45,000, Vilaj Greenwich, Konte Washington— Etid sou disolisyon vilaj la
- \$50,000, Vil AuSable, Konte Clinton – Keeseville mete sou pye disolisyon pou Vil AuSable
- \$50,000, Vil Chesterfield, Konte Essex – Vilaj Keeseville Disolisyon ak relye sistèm dlo a
- \$49,950, Vilaj Bridgewater, Konte Oneida— Mete sou pye disolisyon Vilaj Bridgewater

Haitian Creole

- \$10,000, Vilaj Hermon, Konte St. Lawrence – Etid sou disolisyon Vilaj Hermon

Vilaj Greenwich pral resevwa \$45,000 pou kòmanse etid disolisyon vilaj la an repons a petisyon sitwayen yo ki te depoze nan dat 10 Mas 2014. Etid la pral bay enfòmasyon a elektè yo anvan referandòm ki pral fèt la pou decide si wi oswa non Vilaj la dwe disout. Si yon majorite nan vòt yo nan referandòm lan anvè disolisyon an, etid la pral itilize nan devlope yon plan, jan li obligatwa dapre Lwa Jeneral sou Minisipalite 17-A.

Majistra Greenwich David Noonan te deklare, “Vilaj Greenwich onore pou resevwa yon sibvansyon ki soti nan Depatman Deta Eta New York pou asiste nou nan etid disolisyon an. Nan kòmanse gwoup etid la byen bonè, si piblik la ta vote pou disout vilaj la nan referandòm ki pwograme pou 24 jen an, nou pral genyen an esans yon peryòd nèf mwa pou devlope plan an, olye de sis mwa ki souliye nan lwa a. Si piblik la ta vote pou pa disout Vilaj la, Vilaj la angaje pou transfòme gwoup etid sou disolisyon an nan youn ki pral analize fason pou pataje sèvis yo ki te kapab benefisye vilaj la ak Vil Easton ak Greenwich.”

Vil AuSable ak Chesterfield pral resevwa yo chak \$50,000 pou ede avèk depans ki asosye avèk preparasyon pou disolisyon vilaj Keeseville nan 31 desanm 2014. In vil Chesterfield, sistèm dlo vilaj la pral fizyone avèk Dlo Distri # 1 Vil la. Vil AuSable pral kreye distri dlo ak egou, achte lojisyèl faktirasyon, ak retire amyant nan sant sivik la, sa yo pral jwenn nan vil kòm yon rezilta disolisyon an, kidonk anplwaye minisipal yo ka itilize bilding lan.

Sipèvizè Vil AuSable Sandy Senecal te deklare, “Kontribyab yo nan kominote nou an atann epi merite yon gouvènman lokal efikas kap travay pou yo. Konsèy Vil AuSable aplodi Gouvènè Cuomo paske li rekonèt nesosite kominote nou an e li bay finansamn ki pral ede nan konsolide sèvis gouvènman lokal yo e li pral lakoz nan sèvis pataje ki pral benefisye tout kominote a.”

Sipèvizè Vil Chesterfield Gerrold H. Morrow te deklare, “Nou rekonesan pou finansman ki te bay jodia ki reponn a bezwen kominote a. Mwen ta renmen pèsònèlman remèsye Gouvènè Cuomo paske li te tande kominote nou an e li te bay fon sa yo ki pral fè yon long wout nan amelyore ak konsolide sèvis yo ki pral san okenn dout benefisye tout kominote nou an pou ane kap vini yo.”

Vilaj Bridgewater pral resevwa \$49,950 nan mete sou pye yon plan disolisyon. Rezidan yo nan Vilaj Bridgewater te vote mwa pase anfavè disolisyon vilaj la pa yon maj 40 a wit. An preparasyon pou disolisyon 31 Desanm 2014 la, vilaj la gen entansyon pou vann Vilaj Hall la epi transfere byen pwopriyete pèsònèl ak byen vilaj la avèk Vil Bridgewater. Anplis, konfòmman a lwa sou finans lokal, yon kontab piblik sètifye ekstèn pral bezwen pou fè kontwòl ak verifikasyon de fason apwopriye epi fèmen dosye vilaj la anvan li transfè a Vil la.

Majistra Bridgewater Gary Comstock te deklare, “Vilaj Bridgewater rekonesan anpil paske li te resevwa sibvansyon Otonomizasyon Re-òganizasyon Sitwayen Depatman Deta Eta New York. Avèk fon sa yo, nou pral kapab reponn apèl votè yo nan vilaj la, ki masivman te apwouve, pa yon maj senk-a-youn, yon referandòm pou disout Vilaj Bridgewater. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Ansanble Eta

New York ak Sena Eta New York, paske yo te mete kalite lajan sa disponib. Anplis, nou ta renmen remèsye Depatman Deta New York pou sipò l. Pwosesis disolisyon oswa konsolidasyon an ka sanble yon travay difisil, men avèk toulède asistans finansye ak teknik ki ofri pa Eta New York nou gen konfyans de yon rezilta ki gen siksè.”

Finalman, Vilaj Hermon ap chèche enfòmasyon pou rezidan toulède Vil ak Vilaj Hermon sou potansyèl enpak disolisyon vilaj la, enkli pwobableman efè sou toulède rezidan yo ak gouvènman lokal yo. Etid la pral konsidere epay finansye potansyèl, amelyorasyon jesyon ak chanjman nan livrezon sèvis ki te ka bay rezilta ki soti nan re-òganize yon gouvènman lokal, ansanm avèk altènatif ki ta bay ekonomi nan depans yo.

Majistra Vilaj Hermon Cathy Race te deklare, “Mwen kontan anpil paske nou resevwa èd sa ki soti nan eta kòm nap travay pou rann gouvènman lokal nou an pi efikas. Nan idantifye opòtinite pou pataje sèvis ak koupe nan depans yo, nou ka rann kominote nou an mwen chè pou moun yo viv, elve yon fanmi, oswa grandi yon biznis. Sa a se yon gwo egzanp sou fason Gouvènè Cuomo te ede nou satisfè bezwen lokal yo nan North Country, e mwen kontan pou m fè patenarya avèk Eta nan efò sa a.”

Kominote yo ki konsidere konsolidasyon kapab elijib pou yon sibvansyon CREG pou ede avèk etid fezabilite disolisyon oswa konsolidasyon oswa pou asiste avèk enplemantasyon an an li menm. Delè pou aplikasyon yo se 4:00 PM nan premye mèkredi chak mwa. Gouvènman lokal yo kapab kounye a soumèt aplikasyon CREG ak resevwa notifikasyon pou prim sou entènèt atravè nouvo Gateway Pòtab opòtinite sou sibvansyon nan www.grantsgateway.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418